



# Fact Sheet

## **Kòman Pou'w Korije Dosye USCIS ou-a Aprè ou fin Rezoud yon Non-Konfimasyon Provizwa nan E-Verify**

E-Verify se yon sistèm ki baze sou entènèt ke anplwayè yo itilize pou konfime ke nouvo anplwaye yo kalifye pou travay. Li konpare enfòmasyon ki nan Fòmilè I-9 anplwaye-a, Verifikasyon Kalifikasyon Pou Travay, ak enfòmasyon ki nan dosye Depatman Sekirite Nasyonal ak Administrasyon Sekirite Sosyal Peyi Etazini (U.S. Department of Homeland Security and Social Security Administration). Si enfòmasyon yo se menm, sa vle di ke anplwaye-a gen dwa pou travay nan peyi Etazini. Si gen yon enfòmasyon ki diferan, E-Verify ap alètte patwon-an epi y'ap bay anplwaye-a dwa pou li travay pandan ke l'ap chèche rezoud pwoblèm nan.

Ou te resevwa yon Non-Konfimasyon Pwovizwa (TNC) Depatman Sekirite Nasyonal-la (DHS) soti nan E-Verify paske dosye imigrasyon'w lan, ki nan bazdone DHS-la, kapab pa kòrèk. Korije erè ki nan dosye imigrasyon'w lan kapab anpeche ke ou resevwa yon TNC nan men DHS nan lavni. Yon fwa ou rezoud avèk siksè TNC DHS ou te resevwa-a, ou kapab chwazi pran plis aksyon pou korije dosye imigrasyon'w lan.

Pou korije dosye imigrasyon'w la, sèvi ak youn nan metòd sa yo:

- 1. Kontakte Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon peyi Etazini (USCIS) pou korije Fòmilè I-551, Kat Rezidan Pèmanan Legal oswa Fòmilè I-766, Dokiman Otorizasyon Travay.**

Ou ka pran yon randevou pou yon entèvyou anpèsòn nan yon biwo USCIS ki bò lakay-ou nan sit entènèt InfoPass la, <http://infopass.uscis.gov>, oswa rele Sant Nasyonal Pou Sèvis Kliyan (National Customer Service Center), 1-800 -375-5283.

Tanpri sonje ke pran yon randevou se fason ki pi rapid pou korije dosye USCIS ou-a. Sonje pote dokiman ki pou montre estati imigrasyon ou-an.

**2. Fè yon demann pa ekri pou Lwa Pou Libète Enfòmasyon (FOIA).** Si ou konnen enfòmasyon ki dwe korije nan dosye-ou a, ou ka fè yon demann pou yo korije dosye USCIS-ou nan biwo Lwa Pou Libète Enfòmasyon / Lwa sou Vi Prive (FOIA / PA) nan adrès sa-a:

Privacy Act Amendment  
U.S. Citizenship and Immigration Services  
National Records Center  
FOIA/PA Office  
P.O. Box 648010  
Lee's Summit, MO 64064-8010

Nou konseye ke ou voye enfòmasyon sa yo ak tout demann ou-a, si yo disponib:

<ul style="list-style-type: none"><li>• Rezon ki fè w'ap soumèt demann ou-an. Pa egzanp, "Mwen soumèt demann sa-a sou Lwa sou Vi Prive pou korije dosye mwen paske mwen te resevwa yon TNC nan E-Verify."</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Kopi dokiman imigrasyon oswa sitwayènte-ou</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Enfòmasyon ki pa kòrèk yo</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Rezon ki fè yo pa kòrèk</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Bagay ou pwopoze ki pou ta chanje nan dosye-a</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Nimewo Dosye A (A-File number) ak/oswa non ak siyati-w</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Dat ak kote ou fèt</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Siyati notarye aplikan-an</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Yon adrès kote yo kapab ekri-ou</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Lòt enfòmasyon ki kapab ede nou jwenn dosye-a</li></ul>

Si ou pa konnen enfòmasyon ou bezwen korije-a, ou ka fè yon demann pa ekri pou w' kapab jwenn dosye w' la, voye yon Fòmilè G-639, FOIA / Demann PA (PA Request). Fòmilè sa disponib nan biwo USCIS ki pi prè-ou a oswa ou ka jwenn li sou entènèt nan adrès <http://www.uscis.gov/files/form/g-639.pdf>. Ou ta dwe itilize adrès ki pi wo-a, men make sou anvlòp la "Privacy Act Request" olye de "Privacy Act Amendment."

**3. Kontakte USCIS oswa Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè (Customs and Border Protection) (CBP) pou yo korije Fòmilè I-94, Dosye Arive-Depa.**

Si gen yon erè nan Fòmilè I-94 USCIS ba w' la, kontakte USCIS nan nimewo ki pi wo-a pou yo korije dosye-a.

Si erè nan Fòmilè I-94 ou-a te fèt lè ou te antre Ozetazini, ou dwe ale nan yon lokal Sit Enspeksyon Difere CBP, yon pò antre, oswa yon Pò Admisyon pou fè yo korije li. Pou jwenn yon lis Sit Enspeksyon Difere oswa pò yo, tanpri vizite sit entènèt CBP ([www.cbp.gov](http://www.cbp.gov)) epi klike sou lyen "Pò (Ports)" nan pati anba paj la.

**4. Vizite sit entènèt USCIS la nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) pou enfòmasyon sou ki jan pou yo renouvle oswa ranplase dokiman imigrasyon-ou la.**

**5. Kontakte Pwogram Echanj Elèv ak Vizitè (Student and Exchange Visitor Program) (SEVP).**

Si ou se yon vizitè elèv oswa echanj, ale nan Fòs Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement) (ICE) Pwogram Echanj Elèv ak Vizitè (SEVP) sou sit entènèt, [www.ice.gov/SEVIS](http://www.ice.gov/SEVIS), Sit entènèt la gen enfòmasyon sou kòman pou mete ajou dosye pou elèv ak vizitè echanj yo.